

Ungkapan Dan Sikap Jawa
Sumbangannya Terhadap Pembentukan Budi Pekerti)
(Oleh : Supardjo - Sastra Jawa - FSSR - UNS Solo)

ABSTRAK

Ungkapan adalah perkataan atau kelompok kata yang khusus untuk menyatakan sesuatu maksud dengan arti kiasan (Poerwadarminta, 1986: 1129). Yang dimaksud dalam konteks ini adalah suatu idiom dalam bahasa Jawa, baik itu yang berarti anjuran, larangan, untuk melakukan/tidak melakukan sesuatu dengan harapan akan mendapatkan hasil yang diharapkan. Sikap adalah perbuatan dan sebagainya yang berdasar pada pendirian, pendapat, atau keyakinan (Poerwadarminta, 1986: 944). Sikap Jawa yang dimaksudkan adalah suatu perilaku, perbuatan bagi masyarakat Jawa yang secara umum dianggap baik dan layak untuk dilestarikan dan dikembangkan.

Ungkapan-ungkapan yang mengandung nilai pedagogis dewasa ini hampir punah artinya tidak lagi menjadi pegangan dalam kehidupan sehari-hari. Hal ini disebabkan oleh masyarakat Jawa sendiri yang tidak sempat lagi untuk mengingat apalagi menjalankan pesan yang terkandung dalam ungkapan yang sangat berharga itu. Misalnya Ing ngarsa sung tuladha, Ing madya mangun karsa, Tut wuri handayani (tri logi kepemimpinan Jawa), dan KGPAA Mangkunagara I terkenal dengan tri dharmanya : Rumangsa handarbeni, wajib hangrungkebi, mulat sarira hangrasa wani. Pakubuwana IV dengan Wulangrehnya banyak pesan berupa ungkapan aja dume, adigang, adigung, adiguna, dsb. Sumber budaya Jawa lebih berpusat pada pendidikan budi pekerti, budi luhur, budi utama, sopan santun, lemah lembut, ramah-tamah, sabar, menerima apa adanya. Di dalam rumah tangga, masyarakat Jawa selalu berorientasi kepada sumber pendidikan tersebut, sehingga tercermin adanya norma susila, tatakrama, menghargai sesama baik yang muda maupun yang lebih tua.

Sebagai bagian masyarakat Jawa kita mempunyai tugas kewajiban untuk mengungkapkan kembali ungkapan-ungkapan itu, jangan sampai lenyap dari kehidupan masyarakat Jawa khususnya dan masyarakat Indonesia umumnya. Ungkapan-ungkapan itu akan dapat menjadi pedoman bagi kita

semua untuk menemukan identitas sebagai bangsa yang berbudaya tinggi dan terhormat di mata dunia.

Kata kunci : Ungkapan, Sikap Jawa, dan Budi Pekerti

Ungkapan lan Sikap Jawa
(Sumbanganipun dhateng pamanguning watak utawi kapribaden ingkang
luhur)
dening :
Supardjo-Sastra Daerah-FSSR-Univ. Sebelas Maret Surakarta

1. Pangiring

Singgah-singgah kala singgah
Pan suminggah durga kala sumingkir
Sing aama sing awulu
Sing suku sing asirah
Sing atenggak miwah kala sing abuntut
Padha sira suminggaha
Mring telenging jalanidhi
Aja nggodha lan ngrencana
Apan ingsun ya sejatining urip
Dumadiku saka enu
Eneng eninging cipta
Singangsana ing tawang towang prajaku
Sinebut pura kencana
Bebetenge rajeg wesi
(Kidungan Purwa Sejati)

Sengaja kula cuplik sekar pangkur kalih pada punika, kanthi pangajab saged hamimbuhi daya kekiyatan lan raos kandel anggen kula kumawantun matur ing ngarsanipun para sarjana sujaneng budi para lebda lan wasis ing reh budaya Jawi. Jalaran kula pitados bilih Gusti Allah Inkang Maha Agung temtu kepareng nedhakaken barokah dhateng sedaya ingkang sami lenggah lantaran yasanipun tabik-tabik Sunan Kalijaga ingkang sampun cinandhi ing awiyat jinempana ing angin punika kula sekaraken. Satemah pangajab kula lan sedaya pandherek kongres murih pambudidaya nggegesang lan ngrembakakaken budaya Jawi kangge nyengkuyung pamanguning jiwa lan watak utami tumrap sedaya warganing bangsa Indonesia punika pikantuk sawab lan pangestunipun ingkang ayasa tumunten saged kasembadan. Amin.

Kathah yasanipun para wasis, para pujangga, ingkang ngewrat pitedah, dhawuh, ingkang isi suraosipun jumbuh kaliyan namanipun pitedah, dhawuh, sampun mesthi punika badhe sae manawi dipun tindakaken lan badhe boten prayogi manawi dipun terak lan kosok wangsulipun ingkang awujud pepali, badhe sae manawi dipun singkiri lan badhe awon kadadosanipun manawi ngantos dipun terak lan dipun lampahi. Sedaya kala wau saged dipun lebetaken peranganing kasusastran Jawi.

Miturut Ki Padmosoekotjo (1953) ingkang saged kacakup ing salebeting kasusastran Jawi punika kathah sanget, kalebet unen-unen ingkang dumadi saking tatananipun tembung-tembung Jawi kadosta: tembung saroja, tembung garba, tembung entar, paribasan, bebasan, saloka, pepindhan, dasanama, wangsalan, parikan, sanepa, isbat, basa rinengga, sandiasma, sengkalan, lan sanes-sanesipun ingkang kawrat wonten ing anggitan ingkang awujud sekar punapa dene gancaran. Peprincen punika namung mujudaken gegambaran bilih semanten sugihing kasusastran Jawi. Sinaosa boten kedah apal sedaya warnining peprincen punika, nanging prayogi sanget tumrap sok sintena ingkang badhe anggilot kasusastran Jawi mangertos sakathahing peprincen kala wau. Bab punika wigati, jalaran kathah isining anggitan ingkang kalebet kasusastran Jawi dipun racik ing dhapukaning tembung-tembung salebeting peprincen punika. Ungkapan utawi ungel-ungelan ingkang gumathok lan mligi ingkang anggadhahi pikajeng tartamtu asring dipun aturaken sarana tembung entar, dene wujudipun saged arupi paribasan, bebasan, saloka, sanepa, tembung becik, basa rinengga lss., sae ingkang namung dipun lisanaken punapa dene dipun serat ing basa gancar punapa dene ing sekar. Dene sikap Jawi inggih punika tandang tanduk, solah tingkah, ingkang awewaton kapribaden, pamanggih, lan kapitadosan ingkang dipun anggep sae lan prelu dipun tindakaken tumrap tiyang Jawi.

Boten sekedhik priyantun, mliginipun para kaneman ingkang anggadhahi pamanggih bilih ungel-ungelan Jawi punika sampun kolot, boten jamanipun malih, lan sanesipun. Nanging sajatosipun manawi dipun udhari lan dipun raosaken salajengipun dipun trepaken ing panggesanganipun, punika taksih sakalangkung sae lan jumbuh kaliyan kapribaden tiyang Jawi (Indonesia) kangge ngadhepi kamajenganing jaman, gesang modern nanging tetep anggadhahi kapribaden ingkang luhur.

Ing seratan kula punika, kula badhe ngrembag bab ungkapan lan sikap Jawi sumbanganipun dhateng dumadosipun watak utawi kapribaden ingkang

luhur. Saestunipun, salebeting manah nyumerepi kawontenan ing wekdal samangke, kula prihatos, trenyuh, sedhah, jalaran kathah korupsi, terorisme, narkoba, tindakan kriminal, pembunuhan, pemerkosaan, lan sanes-sanesipun kathah-kathahipun dipun tindakaken dening tiyang-tiyang ingkang tataran kawruh pasinaon pawiyatanipun inggil. Sinaosa boten sedaya “anak bangsa” punika kados makaten, taksih kathah ingkang kenging pinitados lan sae bebudenipun. Kawontenan makaten punika lajeng nuwuhaken pitakenan, punapa utawi sinten ta ingkang salah ?

2. Ungkapan, Sikap Jawa lan Bedhahanipun

Kapribaden lan tindak tanduk solah bawaning priyantun Jawi punika saged dipun perang ing tigang tataran inggih punika nistha madya lan utama. Kapribaden ingkang asor, andhap, nistha punika tindak tanduk ingkang dipun dhasari dening sipat melikan utawi pengin ndarbeki ingkang sanes hakipun, dahwen, open, iren, meren, panasten. Manawi tiyang utawi sok sintena anggadhahi watak punika, sampun mesthi kemawon ingkang dumadi kados dene ingkang dipun ngendikakaken pujangga Ranggawarsita ing Kalatidha pada 7

Amenangi jaman edan,
ewuh aya ing pambudi
melu edan ora tahan
yen tan melu anglakoni
boya kaduman melik
kaliren wekasanipun
...."

ananging kosok wangsulipun, kangge ngadhapi jaman ingkang kirang mikantuki punika, tiyang Jawi kedah anggadhahi lan nindakaken watak ingkang utama, berbudi bawa leksana, netepi pangandika, sarta dipun kantheni raos ikhlas, lila legawa, nindakaken jumbuhing patrap lan pangucap.

Sajatosipun, saupami tiyang Jawi punika ing panggesanganipun tansah netepi lan ngginakaken unggah-ungguh basa utawi tata pranataning basa miturut lungguhing tatakrama ing pawicantenanipun, tartamtu sampun saged adamel gesang guyub, rukun, boten wonten congkrah, lan pasulayan; kados dene pangandika KGPAA Mangkunagara IV ing Wedhatama pupuh Sinom pada 1 "..... amemangun karyenak tyasing sasama". Sikap Jawi ingkang kalebet nggambaraken paugeraning ngagesang prayogi, inggih punika ingkang saged nuwuhaken raos lan pangraos sejatosing gesang, lan

saged nedahaken jati dhiri dhateng tiyang sanes jumbuh kaliyan kalenggahanipun. Tiyang Jawi tansah mersudi lan tanggungjawab, urmat dhateng tiyang sanes, andhap-asor, Sikap sampun ngantos adigang, adigung, adiguna tansah dipun gatosaken lan dipun ugem.

Ana pocapanipun,
adiguna adigang adigung,
pan adigang kidang adigung pan esthi,
adiguna ula iku,
telu pisan mati sampyoh.
(Wulang Reh-ISKS Pakoeboewono IV)

Sampun ngantos rumaos langkung kiyat, langkung kuwaos, langkung dene pinter, kepara kedah : sing bisa rumangsa, lan aja rumangsa bisa. Giri lusi janma tan kena ingina, sampun ngantos ngremehaken tiyang sanes. Jalaran sedaya ingkang wonten ing alam donya, bandha, donya, pangkat, drajat punika namung titipan, nyawa punika namung gadhuan. Pramila wonten ing panggesangan tumrap bebrayan Jawi sampun dipun emutaken ISKS Pakoeboewono IV, ugi kados ingkang kaserat ing Wulang Reh Pupuh Wirangrong bilih dados tiyang aja dumeh ingkang ungelipun :

Den samya marsudeng budi
wiweka dipun waspaos
aja dumeh-dumeh bisa muwus
yen tan pantes ugi
sanadyan mung sakecap
yen tan pantes prenahira
Kudu golek mangsa ugi
panggonan lamun miraos
lawan aja age sira muwus
dununge den kesth
aja age kawedal
yen durung pantes rowangnya

Manawi dipun suraos, pancen ukara ing nginggil namung isi supados dados tiyang boten sasekecanipun piyambak, dupeh saged ngendikan lajeng boten mawas wekdal lan panggenan, boten mirsani kaliyan sinten wawan rembag, kedah enget bilih ajining dhiri gumantung kedaling lathi. Malah kepara, sejatosipun ungel-ungelan aja dumeh punika saged dipun gandhengaken lan encokaken kaliyan bab punapa kemawon. Aja dumeh sugih lajeng sumugih, dumeh pinter lajeng kuminter, dumeh kuwaos lajeng kumalungkung.

Saestunipun tiyang gesang punika wiwit wungu sare, lenggah, jumeneng, lumampah, pangandikan, kendel, sare, lan sanes-sanesipun ingkang dipun tindakaken ing saben dinten punika sampun ngantos nilaraken sekawan bab, inggih punika deduga, prayoga, watara, lan reringa. Ing salebeting serat Wulang Reh Pupuh Pangkur pada kalih dipun sebataken :

Deduga lawan prayoga
Myang watara reringa aywa lali
Iku parabot satuhu
Tan kena tininggala
Tangi lungguh angadeg tuwin lumaku
Angucap meneng anendra
Duga-duga nora kari

Cetha sanget bilih ing panggesangan punika kedah tansah nglelimbang kanthi weninging manah saderengipun nindakaken samukawis (deduga); prayoga kedah nglimbang sae utawi awonipun, watara saged ninthingi lan nglelimbang saderengipun netepaken putusan, dene reringa tansah nengenaken pangati-ati apepayung budi rahayu. Sekawan bab punika, sok sintena ingkang saged hanjiwa, tartamtu badhe saged tumindak kanthi rereh utawi sabar, ririh ateges boten kesesa lan grusa-grusu, lan samubarang ing panggesanganipun badhe tansah ngati-ati.

Ungkapan utawi ungel-ungelan ingkang gumathok lan mligi anggadhahi makna tartamtu sanesipun ing antawisipun :

Gusti ora sare
Ngonon yo ngonon ning aja ngonon
Alon-alon waton kelakon;
Mangan-ora mangan waton kumpul;
Among, amot, amemangkat;
Amengku, amangku, amengkoni
Ing ngarsa sung tuladha, Ing madya mangun karsa, tut wuri handayani;
Rumangsa melu handarbeni, wajib melu hanggondheli, mulat sarira
hangrasa wani; Nglurug tanpa bala, menang tanpa ngasorake;
Sugih tanpa bandha, weweh tanpa kelangan;
Sepi ing pamrih rame ing gawe

Ungkapan Gusti ora sare, manawi dipun suraos kanthi saetu punika lebet sanget tancebipun ing pribadi-pribadining saben tiyang. Punika saestu badhe saged ndhapuk kapribaden lan jiwaning manungsa dados ajrih badhe

tumindak ingkang nalisir saking bebener. Amargi punapa kemawon ingkang dipun tindakaken, sinaosa tiyang sanes boten mangertos, nanging priyantun wau tetep boten badhe saged uwal saking panguwaosing Gusti, jalaran Gusti mesthi pirsu. Kanthi makaten manawi ungkapan punika nyarira mbalung sungsum ing saben jiwaning manungsa, sinten kemawon tartamtu boten wantun nerak angger-angger utawi pranatan ingkang adamel kapitunaning asanes, jalaran pitados lan ajrih dhateng piwalesing Gusti punika ingkang mesthi dumadi, jumbuh lan punapa ingkang dipun tindakaken. Ngono yo ngono nanging aja ngono, ungel-ungelan punika ngemutaken bilih tiyang gesang sampun kesangeten ing samukawis. Ing tradhisi Jawi wonten budaya ewuh pekewuh, ora patut, ora lumrah. Pramila ing salebeting panggesangan dipun ajab tansaha tumindak ingkang prasaja jumbuh lan pranatan utawi norma-norma ingkang lumampah ing bebrayan.

Alon-alon waton kelakon, boten ateges namung sasekecanipun nanging pikajengipun bilih alon-alon punika nengenaken dhateng pangati-ati, waton tansah lumampah anut pranatan, lan kelakon tegesipun kasil. Dados sedaya punika saged kasembadan kanthi sae tur anut pranatan ingkang wonten. Makaten ugi ing bab mangan ora mangan waton kumpul, ing ukara punika boten nengenaken prekawis mangan utawi ora manganipun, nanging ingkang dipun tengenaken inggih punika ing bab raos saiyeg saeka kapti, manunggal nyawiji'

Among, amot, amemangkat; Amengku, amangku, amengkoni, minangka satunggaling pangarsa mesthi kedah wantun tanggungjawab dhateng sakathahing kewajiban lan samukawisipun, kedah saged angayomi, angayemi, saged nampi punapa kemawon kalebet ing bab ingkang boten sae (momot). Kedah wantun paring paukuman dhateng ingkang salah utawi lepat dhateng nagari boten mawas sinten priyantunipun; nanging kosok wangsulipun kedah rila lan ikhlas paring ganjaran dhateng ingkang sami anggadhahi lelabetan. Dados satunggaling pangarsa mesthi kedah tanggungjawab ing bab punapa kemawon tanpa mawas papan lan wekdal, supados saged dados tepa tuladha ing gesang bebrayan. Ungel-ungelan Ing ngarsa sung tuladha, ing madya mangun karsa, tut wuri handayani, sanget dipun betahaken dening pangarsa. Sawanci-wanci wonten ing ngajeng mesthi kedah saged kangge tepa tuladha, sae ing pangandika punapa dene ing tumindak. Manawi nedheng ing tengah, kedah tansah saged nuwuhaken raos greget, maringi panjurung mrih sangsaya grengseng para ingkang dipun pimpin. Makaten ugi manawi wonten ing wingking, satunggaling

pangarsa mesthi kedah tansah manjurung lan ngawat-awati sarta mbombong manahipun ingkang dipun pimpin.

Ing nalika salah satunggaling pangarsa anggadhahi watak lan sikap ingkang sae, sampun tamtu para pandherekipun badhe anggadhahi Rumangsa handarbeni, wajib melu hangrungkebi, mulat sarira hangrasa wani (Tri Darma - KGPAA Mangkunagara I), ingkang mengku pikajeng bilih samukawis ingkang sae kawontenanipun dipun rengkuh dening negari upaminipun, badhe tansah dipun reksa dening rakyatipun kanthi sae, jalaran rumaos tumut handarbeni, lan manawi ngantos wonten ingkang badhe ngrisak tatanan ingkang sampun tumata, rakyat ugi badhe mbelani. Nanging sedaya kala wau sampun mesthi kemawon sasampunipun mangertosi leres lepatipun kanthi cara mawas dhiri.

Awewaton ungel-ungelan ing nginggil, satunggaling pemimpin sangsaya tambah kawibawanipun lan saged ngrampungaken sadaya prekawis tanpa nuwuhaken prekawis enggal. Inggih awit kawibawanipun punika, satunggaling pemimpin anggadhahi daya kekiyatan, satemah wantun nglurug tanpa bala, menang tanpa ngasorake, ingkang mengku pikajeng bilih sedaya prekawis saged dipun rampungi tanpa adamel serik lan sakiting manahipun tiyang asanes, jalaran boten rumaos dipun asoraken drajatipun. Satunggaling pemimpin kedah kagungan watak lan sikap suka dedana dhumateng kawulanipun ingkang nandhang kacingkrangan. Suka kudhung dhateng ingkang kepanasen, suka teken dhateng ingkang nandhang kalunyon, asung tetedhan dhateng ingkang kalupan. Pemimpin sejati mesthi kedah anggadhahi raos suka weweh tanpa kelangan, sugih tanpa bandha, ingkang werdinipun bilih peparangipun dhateng pandherekipun punika boten mesthi kedah awujud barang, nanging sinaosa awujud pamanggih, panggalihan, pamrayogi lan udhar-udharan, punika sampun wujuding pangentheng-entheng saking pangarsa. Andharan punika sinaosa dipun trepaken kagem para pemimpin, nanging saestunipun saged dipun cakaken dhateng sedaya warganing bebrayan.

Salajengipun ing bab sikap Jawi ingkang prayogi dipun persudi lan tansah dipun budidaya mrih saged nyarira mbalung sungsum ing salebeting panggesanganipun saben tiyang, ing antawisipun inggih punika, nrima ing pandum, rila legawa ing driya, tepa slira, rukun, lan gotong royong.

Nrima ing pandum boten ateges pasrah tanpa pambudidaya, kendel tanpa ikhtiyar. Inkang dipun kajengaken inggih punika saged narimah lan nyukuri punapa ingkang dipun tampi sasampunipun mbudidaya kanthi

pakarti ingkang leres, lirisun kathah, sekedhik, saged nampi kanthi rila legawa ing manah jer punika pancen peparingipun Gusti. Sikap lan watak punika boten namung ingkang sipatipun tampi hakipun, sanadyan ingkang kedah ketaman, dipun ina ing asanes, kedah kecalan, ugi supados nrima, pasrah dhateng panguwaosing Gusti. Sampun dipun dhawuhaken wiwit kina mila, malah KGPAA Mangkunagara IV ing Serat Wedhatama Pupuh Pucung ugi paring dhawuh :

Lila lamun kelangan nora gegetun
Trima yen ketaman
Sak serik sameng dumadi
Tri legawa nalangsa srah ing bathara

Tepa slira, pikajengipun dados tiyang kedah saged mangertos swasana, mangertos semu, lirisun kedah saged nepakaken pribadinipun “upama aku dheweke piye ? upama aku digawe lara ati, piye rasane” lss. Dados manawi saged ngukur pribadinipun, kados pundi rekaosipun manawi dipun damel dening tiyang sanes ing bab ingkang boten sekeca, tartamtu lajeng saged njumbuhaken. Manawi pribadinipun boten purun dipun cecamah ing asanes, sampun sak mesthinipun ugi boten badhe tumindak adamel sak serik dhateng asanes “ yen dijiwit lara, yo aja njiwit”. Dados tepa slira punika kenging dipun anggep tetales tumrapipun gesang ingkang rukun “harmonis”. Jalaran kanthi tumindak boten adamel kuciwaning asanes, boten badhe tumindak punapa kemawon dhateng tiyang sanes ing bab punapa kemawon, saupami bab punika tumrap pribadinipun piyambak ugi boten prayogi. Sedaya tiyang punika beda, boten sami, punika kasunyatan; nanging kanthi beda ing bab punapa kemawon kala wau ing salebeting gesang bebrayan, mesthi kedah saged patembayatan, rukun. Gesang ing pabrayan, boten badhe saged namung piyambakan, mesthi merlokaken sesambetan lan pambiyantunipun tiyang sanes, pimpinan perlu wonten ingkang dipun pimpin, wonten bendara ugi perlu wonten kacung, lss. Manawi sedaya kala wau sami nglenggana bilih gesang boten saged ijen, perlu sesambetan lan tiyang sanes, kepara dipun lambari raos pitados bilih “rukun agawe santosa dene crah agawe bubrah” mesthi ing panggesangan punika boten wonten dredah jalaran rumaos sami-sami mbetahaken, sami urmat ing antawis setunggal lan setunggalipun.

Gotong royong lan sikap sami-sami kurmat dhateng asanes, mujudaken satunggaling warisan leluhur Jawi ingkang sae lan boten kadarbe dening bangsa manca. Ngrumaosi bilih gesang perlu nyekapi sedaya kabetahan, sae kabetahan sepele langkung-langkung ingkang rowa, awrat, boten saged

piyambakan perlu pambiyantunipun asanes. Sadaya pakaryan badhe langkung gampil lan entheng manawi dipun tindakaken sarana gotong royong, jumbuh kaliyan kawontenan lan kekiyatanipun piyambak-piyambak. Kanthi gotong royong, saestunipun mujudaken sipat suka tetulung dhateng sesami, sinten ingkang purun tetulung mesthi ing kalodhangan sanes ugi badhe dipun tulung ing asanes. Sanadyan wujud ing piwales boten kedah sami kaliyan wujud ing lelabetan, sinaosa boten dhiri pribadinipun piyambak ingkang tampi, saged kemawon kulawarganipun ingkang badhe tampi piwales saking tiyang sanes, ingkang cetha bilih ungel-ungelan “sapa nandur bakal ngundhuh” punika taksih lumampah. Gotong royong, langkung-langkung dipun lambari pangajab “sepi ing pamrih rame ing gawe” badhe sangsaya nuwuhaken raos raket supeketing kekadangan.

Mungkasi seratan punika, sarujuk lan nyengkuyung pangandika dalem KGPAA Mangkunagara IV ing Serat Nayakawara Pupuh II Dhandhanggula, pada 6 (enem) ingkang ungelipun :

Wardiningkang wasita jinarwi
Wruh ing kukum iku watekira
Adoh marang kanisthane
Pamicara puniku
Weh resepe ingkang miyarsi
Tatakrama punika
Ngedohken panyendhu
Kagunan iku kinarya
Ngupa boga dene kalakuwan becik
Weh rahayuning raga

Pitutor luhur punika badhe sangsaya nambahi raos kandel lan yakin bilih kanthi tansah nengenaken dhateng tatakrama, mangertos dhateng pranatan, ngecakaken kawruh utawi seserepan kanthi leres, tumindak ingkang sae, tartamtu ing panggesangan punika badhe eca lan sekeca.

3. Dudutan

Ing jaman ingkang sarwi majeng, budaya Jawi kaprabawan ing kemajengan donya, para warganing bebrayan boten saged uwal saking sedaya kala wau, kabukten ing wekdal punika langkung-langkung para kaneman kening kawastanan sampun kathah ingkang nyingkur dhateng budayanipun

piyambak kepara nyengkok budaya manca, jalaran anggadhahi pamanggih bilih budaya Jawi sampun kolot lan kina. Ing mangka sasampunipun dipun thinthingi kanthi premati, budaya Jawi boten kawon lan budaya manca ing bab kaluhuranipun.

Inggih awit kathahing kedadosan ingkang sampun singlar saking pitedah lan kaluhuraning budaya bangsa wetanan (Indonesia), pramila budaya Jawi mliginipun “Ungkapan” utawi ungel-ungelan ingkang gumathok lan anggadhahi pikajeng mligi lan luhur sarta sikap Jawi ingkang sanyata adi luhung punika kedah dipun rasuk mrih anjiwa anyarira dhateng sedaya warganing bebrayan. Manawi sedaya warganing bebrayan ing panggesanganipun tansah nengenaken dhateng tumindak kautamen, nebihi watak kanisthan, ing donya punika mesthi badhe tansah tentrem, ayem, aman lan sentosa boten wonten dredah, jer sadaya tiyang tansah “amemangun karyenak tyasing sasama” lan tansah “memayu hayuning bawana”.

Buku-buku Waosan

- ISKS Pakoebowono IV, tt. Serat Wulang Reh
- Padmasusastra (penyalin), 1898. Serat Nayakawara ing Piwulang warni-warni
- Padmasusastra, 1931. Serat Kalatidha anggitanipun R. Ng. Ranggawarsita, Tan Khoen Swie, Kediri
- Pigeaud (penyalin), 1953. Serat Wedhatama anggitanipun KGPAA Mangkunagara IV"
- S. De Jong, 1976. Salah Satu Sikap Hidup Orang Jawa. Yayasan Kanisius, Yogyakarta.
- S. Padmosoekotjo, 1953. Ngengrengan Kasusastran Djawa I, II. Hien Hoo Sing, Jogjakarta.
- Suseno, Franz Magnis, 1984. Etika Jawa Sebuah Analisa Falsafati Tentang Kebijakanan Hidup Jawa, Gramedia, Jakarta.
- Thomas Wiyasa Bratawijaya, 1997. Mengungkap dan Mengenal Budaya Jawa, Pradnya Paramita, Jakarta.

Identitas diri

1. N a m a Lengkap : Drs. Supardjo, M.Hum.
2. Tempat /tgl lahir : Karanganyar / 21 September 2011
3. Instansi/Lembaga : Sastra Daerah – Fakultas Sastra dan Seni Rupa
- UNS
4. Pekerjaan : Dosen Sastra Daerah, Filolog Jawa
5. Jabatan : Ketua Jurusan Sastra Daerah – FSSR – UNS – Solo
6. Alamat Rumah : Krempan RT 07/XI, Waru, Kebakkramat,
Karanganyar,
7. Profesi lain : Pambewara
8. Telepon : (*****
*****)
9. Pos-el : (*****
*****)